



WIC New Jersey Gid pou Bay Tibebe Manje



Fason pou Bay Tibebe ki Gen ant 0 ak 3 Mwa Manje

Tibebe ki fenk fèt yo genyen ti vant epi yo bezwen manje souvan. Siveye siyal tibebe w la bay ki di pou ba li manje. Li ap di w lè li grangou ak lè vant li plen. Nan premye semèn yo, pafwa ou ka oblije reveye tibebe w la pou w ba li manje.

Siyal ki Di pou Bay Manje

Mwen Grangou



L ap souse men l oswa l ap bat bouch li



Li vire tèt li pou l chèche tete a



L ap ouvri ak fèmen bouch li

Vant Mwen Plen



Li lage kò l epi li ouvri pwen li



Li vire do l bay tete ou oswa pwent tete ou



Dòm prann l

Pouse kwasans

Tout tibebe ap genyen anpil pouse kwasans nan premye ane a. Yo kapab fè tibebe w la anvi pran tete oswa manje pi souvan. Pouse kwasans yo jeneralman rive lè tibebe w la gen anviwon **2 a 3 semèn, 6 semèn, 3 mwa ak 6 mwa.** Pouse kwasans yo ka pa rive nan moman egzak la, epi chak tibebe diferan. An jeneral, pouse kwasans yo dire kèk jou.



2 a 3 semèn



6 semèn



3 mwa



6 mwa

Fason pou Bay Timoun 0-3 Mwa Ou an Manje kontinye

Tibebe ki Tete



- Alètman nan depi nan kòmansman se yon moman kote ou menm ak tibebe w la ap aprann. Tank tan ap pase, l ap vin pi fasil pou nou toulède.
- Tibebe ki fenk fèt yo tete pandan tout jounen ak lannuit anviwon **8 a 12 fwa pandan 24 èdtan**. Yo pa gen orè epi yo renmen manje souvan.
- Kit tibebe w la tete kit ou ba li lèt ou ponpe, ba li manje lè li montre siy ki di li grangou.
- Lè w fè alètman sèlman pandan premye mwa a, sa ap pèmèt ou kreye yon bon rezèv lèt pou lavni.



Pandan yon pouse kwasans, tibebe w la ka tete pandan pi lontan epi pi souvan. Yo rele sa tete an gwoup oswa san rete.

Tibebe ki Pran Lèt nan Bwat

Lè tibebe w la fenk fèt, li senpman bezwen **1 a 2 ons lèt nan bwat pou tibebe ki anrichi ak fè nan chak repa**. Apre premye semèn nan, tibebe ki fenk fèt yo souvan pran **2 a 3 ons lèt nan bwa chak 3 a 4 èdtan**.

6 a 8 liv: 15 a 20 ons pa jou

- Nan fen **premye mwa a**, tibebe ki fenk fèt la ka pran jiska **4 ons chak 4 èdtan**.

8 a 10 liv: 20 a 25 ons pa jou

- Bay tibebe w la manje chak lè li montre siy ki di li grangou.

10 a 12 liv: 25 a 32 ons pa jou

- Se pa yon pwoblèm si tibebe w la pa bwè tout sa ki nan bibwon an, kite li di w lè l fini.



Alètman nan bibwon ki mezire pèmèt tibebe w la di w lè vant li plen. Pou w jwenn plis enfòmasyon, mande Nitrisyonis WIC ou an oswa Konseye ou nan zafè Alètman.



Eskane kòd QR la pou w jwenn plis enfòmasyon sou Fason pou Bay Manje nan Bibwon ki Mezire selon Milk Mob.

